

VIL NEW YORK LAN
DEPATMAN PWOTEKSYON ANVIWÒNMAN
(DEPARTMENT OF ENVIRONMENTAL PROTECTION)

Biwo Konfòmite sou Anviwònman
59-17 Junction Boulevard, 9th Floor, Flushing, New York 11373
Kontwòl Dokiman (718) 595-3855

**Enskripsyon Jeneral - Sous Tretman, Kamyon Manje Anbilan, Chodyè Chabon ak Aparèy ki Boule Gaz Solid
OU DWE RANPLI TOUT ENFOMASYON YO NAN LANG ANGLÈ**


- Konekte sou DEP Online CATS: www.nyc.gov/dep/cats
- Lè w fin konekte, chwazi bouton anba agoch ki make "**Anrejistreman Endistriyèl**" (**Industrial Registration**)
- Y ap dirije ou sou onglè meni "**Demann Mwen yo**" (**My Requests**)

Pou Enskri nouvo ekipman:

- Klike sou meni k ap dewoule a pou "**Seleksyone Kalite Demann lan**" (**Select Request Type**) antanke "**Anrejistreman - Pwosesis Jeneral**" (**Registration – General Process**).
- Klike sou bouton "**Kreye**" (**Create**) a.
- Konplete enfòmasyon ki nan chak kazyè. Yo mete yon etwal bò kote kote pou make repons ki obligatwa a nan fòm demann lan. (pa egzanp, Adrès Imèl Pwopriyete a).
- Nan ribrik Enfòmasyon sou Ekipman an, seleksyone Kalite Pwosesis lan (4A) a nan meni k ap dewoule a (Brilè, Inite Mobil pou Vann Manje, Ekipman ki Boule Gaz Solid (Fou) w ap jwen plis enfòmasyon anba nan paj lan.)
- Lè w fin make repons yo, **klike sou toude bouton** yo "**Kazyè Sètifikasyon an**" (**Certification Checkbox**) epi "**Anrejistre**" (**Save**) oswa "**Anrejistre epi Soumèt**" (**Save & Submit**).


Pou Renouvele Enskripsyon an: (*Soumèt li nan 180 jou oplita apre dat ekspirasyon an*)

- Klike sou meni k ap defile a pou "**Seleksyone Kalite Demann lan**" (**Select Request Type**) antanke "**Anrejistreman - Renouvèlman**" (**Registration – Renewals**).
- Klike sou bouton "**Kreye**" (**Create**) a.
- Pou Renouvèlman - Rantre Idantifikasyon aplikasyon an/Idantifikasyon enstalasyon an (pa egzanp PB000112 san lèt Alfabè ki nan fen an)
- Klike sou bouton "**Kontinye**" (**Continue**).
- Konplete enfòmasyon ki nan chak domèn. Yo mete yon etwal bò kote chan ki obligatwa nan fòm demann lan (pa egzanp, Adrès Imèl Pwopriyete a).
- Revwa tout enfòmasyon yo.
- Anba "**Enfòmasyon sou Frè yo**" (**Fee Information**): Seleksyone "**Wi**" (**Yes**) oswa "**Non**" (**No**) pou toude "**Èske se yon pwopriyete ki pou leta?**" (**Is it a government owned property ?**) ak "**Anilasyon Frè**" (**Fee Waiver**).
 - Si w seleksyone "**Wi**" (**Yes**), seleksyone ajans leta an epi bay prèv. Nan onglè "**Demann Mwen yo**" (**My Requests**) se la w ap ka telechaje dokiman pou ajoute yo.
- Lè w fin ranpli, **klike sou toude bouton** yo "**Kazyè Sètifikasyon an**" (**Certification Checkbox**) epi "**Anrejistre**" (**Save**) oswa "**Anrejistre epi Soumèt**" (**Save & Submit**).

Se dokiman (PDF sèlman), ki gen aksè nan meni "Demann Mwen yo" (My Requests): 

- Repere nimewo aplikasyon an/Idantifikasyon demann lan. Klike sou ikòn PDF lan pou w anekse yon dokiman.
- Klike sou "**Ajoute Atachman an**" (**Add Attachment**) (Se sèlman yon dokiman PDF ki gen mwens pase 40 lèt ikonpri espas yo w ap kapab telechaje.)
- Lè dokiman yo fin telechaje, klike sou onglè "**Demann Mwen yo**" (**My Requests**) ki nan kwen anwo agoch lan.

Soumèt Aplikasyon an epi Peye, w ap jwenn fonksyon sa a nan meni "Demann Mwen yo" (My Requests):

- Klike sou ikòn "**Soumèt**" (**Submit**) lan (dènye ikòn ki nan lis lan ki gen yon flèch vèt). 
Pase nan pwosesis peman an. Yo bay demach sou kijan pou peye nan dokiman [CATS Payment](#).
- Yo pral voye yon imèl otomatik pou aplikan ak pwopriyete a lè yo fin soumèt demann lan nèt.

Si w bezwen èd, tanpri rele nan (718) 595-3855 oswa voye imèl pou nou nan Catsfeedback@dep.nyc.gov



VIL NEW YORK LAN
DEPATMAN PWOTEKSYON ANVIWÒNMAN
(DEPARTMENT OF ENVIRONMENTAL PROTECTION)

Revize 01/2021

Biwo Konfòmite sou Anviwònman
59-17 Junction Boulevard, 9th Floor, Flushing, New York 11373
Kontwòl Dokiman (718) 595-3855

Anrejistreman Endistriyèl - Kondisyon Aplikasyon

- Anrejistreman Jeneral pou Sous Tretman - pou ekipman tretman ak Klasifikasyon Anviwònman nivo C epi ki pwodui yon debi ki egal oswa pi gran pase 100 pye kib estanda chak minit (scfm) ak mwens pase 2000 scfm;
- Kamyon Mobil Manje ki gen motè adisyonèl yo - Tout kamyon manje ki gen motè adisyonèl yo dwe soumèt Anrejistreman epi peye yon frè \$110. Motè Adisyonèl yo ki nan Kategori 4 (Tier 4) lan pa pral peye frè yo pandan jiska 12 lane.
- Brilè Komèsyal yo - Yo dwe soumèt yon Anrejistreman epi peye yon frè \$110 pou tout chofaj komèsyal yo. Brilè yo ki kwit plis pase 875 liv vyann nan yon semèn nan menm etablisman an dwe gen aparèy ki pou kontwòl lafimen an ki reponn ak egzijans Règ lan.
 1. Biznis lan dwe anrejistre kantite vyann yo achte epi yo trete chak mwa, kontwòl lafimen epi make tout pwoblèm nan kontwòl ekipman an genyen. Si DEP mande dosye yo ou dwe bay yo.
 2. Kontwòl Lafimen Brilè ak Chèn: DEP detèmine aparèy kontwòl lafimen ak chèn pou poul ki reponn ak egzijans ki tabli nan 15 RCNY 37-06 (a) ki gen ladan brilè South Coast Air Quality Management District (SCAQMD) sètifye ki gen katalizè entegre. Si aplikan an chwazi enstale yon aparèy kontwòl ki pa sètifye, li dwe soumèt enfòmasyon sou tès yo, jan yo endike sa nan 15 RCNY 37-06 (a).

Lyen pou ale nan SCAQMD: www.aqmd.gov/docs/default-source/permitting/product-certification/charbroilerscatalysts.pdf?sfvrsn=0
 3. Kontwòl Sou Tretans: Aplikan an dwe bay enfòmasyon sou tès jan yo mande sa nan 15 RCNY 15 RCNY 37-06 (b). Tout aparèy kontwòl lafimen yo enstale epi/oswa k ap fonksyone anba règ sa a dwe reponn ak Seksyon FC 609.4.1 nan Kòd Dife Vil New York (New York City Fire Code). Moun ki netwaye Sistèm yo dwe gen yon Sètifika FDNY Fòm Aptitud Fizik P-64 ki se Teknisyen Sistèm Netwayaj pou Evakyasyon ak Sistèm Echapman Lafimen Kizin Komèsyal yo.
- Aparèy ki boule gaz solid (Fou) - Si se chabon aparèy pou kwit manje a itilize sitou, bwa oswa lòt gaz solid pou itilize sou plas nan yon etablisman ki fè manje, lè sa a ou dwe soumèt Anrejistreman bay DEP a epi peye yon frè \$110. Aparèy pou kwit manje a dwe fonksyone avèk yon aparèy kontwòl lafimen pou fou komèsyal DEP sètifye, ki reponn ak § 24.149.5 (b)

BPAC 50 – HAITIAN CREOLE – CHAR BROILER